

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

### Chapit 7 Sistèm ekwasyon ak inegalite lineyè

Nan Chapit 7, ou te aprann kouman pou itilize chema, sibstitisyon ak konbinezon lineyè pou rezoud yon sistèm ki gen de (2) ekwasyon lineyè. Ou te dekouvri diferans ki genyen ant sistèm lineyè ki gen yon sèl solisyon, ki pa gen solisyon, oswa ki gen anpil solisyon endefiniman. Ou te itilize chema pou rezoud sistèm inegalite lineyè tou.

*Ale nan Chapit Revisyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 40 nan liv la.*

#### Leson 7.1 Kouman pou itilize chema pou jwenn solisyon sistèm lineyè

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *sistèm ekwasyon lineyè, sistèm lineyè, ak solisyon yon sistèm ekwasyon lineyè.*

Premye objektif Leson 7.1 se pou itilize chema pou jwenn solisyon yon sistèm ekwasyon lineyè. Piske solisyon yon sistèm lineyè satisfè chak ekwasyon nan sistèm nan, ou fèt pou jwenn solisyon an sou chema toude ekwasyon yo. Pou itilize chema pou jwenn solisyon yon sistèm lineyè, fè desen chema chak ekwasyon ki nan menm plan kowòdone a. Toude liy yo sanble yo kwaze nan pwen (2, 5). Ranplase  $x$  pa 2 epi  $y$  pa 5 nan toude ekwasyon yo pou w ka teste solisyon an.

Dezyèm objektif Leson 7.1 se pou itilize yon sistèm lineyè, pa egzanp pou predi kantite vizit ki fèt sou yon sit entènèt pou modle yon pwoblèm lavi reyèl.

*Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 6. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 398 a 400 yo.*

#### Leson 7.2 Kouman pou jwenn solisyon sistèm lineyè pa mwayen sibstitisyon

Premye objektif Leson 7.2 se pou itilize sibstitisyon pou jwenn solisyon yon sistèm lineyè. Pou jwenn solisyon sistèm ki nan Egzanp lan pa mwayen sibstitisyon, premyèman rezoud youn nan ekwasyon yo pou youn nan varyab li yo. Nan ka sa a, rezoud Ekwasyon 1 pou  $y$  pou jwenn  $y=2x$ . Answit, ranplase  $y$  pa  $2x$  nan Ekwasyon 2 a epi rezoud pou  $x$  pou jwenn  $x=4$ . Ranplase  $x$  pa 4 nan  $y=2x$  pou jwenn  $y=8$ . Ou konnen  $x=4$  epi  $y=8$ , ki fè solisyon an se (4, 8).

Lè wap itilize sibstitisyon, fè solisyon varyab ki sanble ki pi fasil pou izole a.

Dezyèm objektif Leson 7.2 se pou itilize sistèm lineyè pou modle sitiasyon lavi reyèl, pa egzanp pou detèminen kantite vizitè an mwayèn ki ale nan yon mize.

*Koulye a eseye, Egzèsis 7 a 12. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 405 a 407 yo.*

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

### Leson 7.3 Kouman pou jwenn solisyon sistèm lineyè pa mwayen konbinezon lineyè

Yon tèm ki enpòtan pou konnen se: *konbinezon lineyè*.

Premye objektif Leson 7.3 se pou itilize konbinezon lineyè pou jwenn solisyon yon sistèm ekwasyon lineyè. Yon konbinezon lineyè ki gen de (2) ekwasyon se yon ekwasyon ou jwenn lè w ajoute youn nan ekwasyon yon sou lòt ekwasyon an. Nan Egzanp lan, multipliyè Ekwasyon 1 pa 2 pou jwenn  $4x - 30y = -20$ . Ajoute ekwasyon sa s sou Ekwayson 2.  $4x$  ak  $-4x$  se kontrè yo ye, ki fè ou jwenn  $-25y = -50$ , oswa  $y = 2$ . Koulye a ranplase  $y$  pa 2 nan Ekwayson 2 a epi fè solisyon an pou  $x$ . Ou jwenn  $-4x + 5(2) = -30$ , ki fè  $x = 10$ . Ou konnen  $x = 10$  epi  $y = 2$ , ki fè solisyon an se  $(10, 2)$ .

Sonje byen lè w itilize metòd konbinezon lineyèa, ou vize pou jwenn koyefisyan ki opoze pou  $x$  oswa  $y$ .

Dezyèm objektif Leson 7.3 se pou itilize yon sistèm ekwasyon lineyè pou modle yon pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou konnen vitès yon kouran nan yon rivyè.

***Koulye a eseye, Egzèsis 13 a 18. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 411 a 413 yo.***

### Leson 7.4 Aplikasyon sistèm lineyè

Premye objektif Leson 7.4 se pou chwazi pi bon metòd pou rezoud yon sistèm ekwasyon lineyè. Gen twa fason pou jwenn solisyon ekwasyon lineyè : chema, sibstitisyon, ak konbinezon lineyè.

Aprè w fin modle yon pwoblèm lavi reyèl ak yon sistèm lineyè, ou ka chwazi yon metòd pou solisyon an swivan modèl ou a. Si w bezwen yon solisyon pwòch sèlman, itilize yon chema. Lè yon varyab gen yon koyefisyan 1 oswa  $-1$ , fè sibstitisyon. Sinon, itilize konbinezon lineyè.

Dezyèm objektif Leson 7.4 se pou itilize yon sistèm pou modle pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou chwazi ant de (2) travay.

***Koulye a eseye, Egzèsis 19 a 20. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 418 a 420 yo.***

### Leson 7.5 Kalite sistèm lineyè espesyal

Premye objektif Leson 7.5 se pou idantifye sistèm lineyè tankou yo gen yon solisyon, yo pa gen solisyon, oswa yo gen anpil solisyon endefiniman. Ou ka itilize chema, sibstitisyon, oswa konbinezon lineyè pou detèminen kantite solisyon ki genyen pou yon

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

sistèm lineyè. Nou montre metòd chema a nan Egzanp lan. Si liy yo kwaze, gen yon solisyon; si liy yo paralèl, pa gen solisyon. Si liy yo kowenside, gen anpil solisyon endefiniman.

***Koulye a eseye, Egzèsis 21 a 26. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 426 a 428 yo.***

### **Leson 7.6 Kouman pou jwenn solisyon sistèm inegalite lineyè**

Mo ki enpòtan pou konnen: *sistèm inegalite lineyè, solisyon yon sistèm inegalite lineyè, ak chema yon sistèm inegalite lineyè.*

Premye objektif Leson 7.6 se pou itilize yon chema pou jwenn solizyon yon sistèm inegalite lineyè. Yo fè chema chak inegalite nan sistèm nan nan menm plan kowòdone a. Kote ki monte youn sou lòt nan chema a, kote ki ble fonse yo, gen pwen ladan yo epi se kowòdone pwen sa yo ki solisyon sistèm nan.

Remake liy limit  $2x + y < 2$  se yon liy an tirè, tandiske liy limit  $x \geq 0$  ak  $3x - y \leq 7$  yo se solid.

Dezyèm objektif Leson 7.6 se pou itilize sistèm inegalite lineyè pou modle sitiyasyon lavi reyèl pa egzanp pou achte pwojektè pou yon sal kote yo pral fè konsè.

***Koulye a eseye, Egzèsis 27 a 32. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 432 a 434 yo.***